А ГУЗЭВЭГЪУЭМ хэлъхьэныгъэ нэхъ мащІи хуэзыщІыфым и псапэр зэрыиным шэч хэлъкъым, сыту жыпІэмэ, игъащІэ лъандэмэ цІыхур цІыхуу къэзыгъэнэжыр гущІэгъуращ. Иужьрейуэ къэІуа, фІыкІэ укъэзыгъэІубжь хъыбарым дунейпсо цІыхубэм и гур зы ищІам къыщымынэу, мусПыкІэм тхьдэрэ къигъэщІэрэщІэжащ. Тыркум щыщ, зи цІэр журналистхэм яжриІэн зымыда щІалэ гуэрым и унэр ищэри, Палестинэм щыщу щІыбым дэс унагуэхэм шатыри 150-рэ къахуищэхуащ. Нэщі мазэм апхуэдэ зэфІэкІ къызыкъуэзыха лІым «Іэбу Дахдах» щІыфІащар апхуэдэ дыдэу псэ хьэлэлкІэ зи мылъкур псапэм щІэзыта щхьакъебэр ягу къигъэкІыжати аращ. Ди тырку щІалэр ди щхьэусыгъуэу а хьыбар дахэм зыщІидгъэгъуэзэнщ.

Зэгуэрым Бегымбар лъапІэу Аліыхым и нэфыр зыщІыхуар щхьабэхэм я гъусэу щыст. ЩІалэ гуэр къыщІыхьэри зыкъыхуиІэзащ: «Уа Аліыхым и ЛІыкІуэ! Си хадэм бжьых есщІэкІыну щІэздзати, си гъунэгъуэм и хуэрмейм сигъакІуэркъым. Жыгыр къызэт жысІэри селъэІуати, идакъым. ЩІэз, къыздэщ жесІати, ари идэрхъым». Арати, ЛІыкІуэ лъапІэм гъунэгъур къашэну унафэ ищІащ. Ар къыздэрашэу, щэлатымрэ сэламымрэ зэхар и щхьэкІэ елъэІуащ и хуэрмейр щІалэм иритыну е ирищэну. Мобы идакъым. «НтІэ, сэ къызэщэ уи хъурмейри, Жэнэтым хъурмей къыщыпІэрыхьэжьнщ, илъэсищэкІэ и жьауэм ущІэту уэкІуэн хуэдизу ину». А псалъэухам зи гур кІигъэшэхыщІа щхьабэхэр къаша гъунэгъум ехьэупсат уеблэмэ, арщхьэкІэ езым дунеягъэр къыштекІуэри идакъым.

Абдежым Іэбу Дахдах зи цІэ щІалэр къабгъэдыхьэщ, ЛІыкІуэ лъапІэм зыхуигъазэри еупщІащ: «А хъурмейр сэ къэсщэхурэ мо щІалэ зеиншэм естмэ, сэри Жэнэтым апхуэдэ хъурмей къыщІзатыну?». «НтІэ», - къыжриІэжащ Бегымбар лъапІэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам. Іэбу Дахдах щІалэм и гъунэгъум зыхуигъазэри еупщІащ: «Си хадэр пцІыхуэ?». «СощІыху, дауи! Мадинэ къалэм зыгуэр дэс Іэбу Дахдах и хадэр имыщІыхуу? Уэ хъурмей 600, унэшхуэ, псырЫ зэрыт псыкъуий уиІэщ, Мадинэ щыщ дэтхэнэ сатуущІри мэныкъуакъуэ адрей псом нэхъри нэхъыфІ уи хъурмэхэр зэриг-зэкІуэкІыну», - къыжриІащ. «НтІэ, а уи хъурмей закъуэр къыззэщи, си хадэри, си унэри, си псыкъуийри къащтэ», - жриІащ абы Іэбу Дахдах.

ЩІалэ зеиншэм и гъунэгъур егъэлеяуэ къэуІэбжьат: ЦІыху губзыгъэм зы хъурмей закъуэ къищхуну абы и пІэкІэ хъурмей 600, унэ, псыкъуий ириту? Зэхихыр и фІэщ мыхъуу, ар ЛІыкІуэ лъапІэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам елтыащ. Ари арэзы хъуащ. Іэбу Дахдах! Ауэ сытми укъикІа!».

Ахэр диту къэзыгъэкІыжа «иджырей Іэбу Дахдахри» ахърэт хадэкІэ

Аліыхым игъэгуфІи, абы зызыщІигъэкъуэ тхъэмыщкІэхэми яригъэІуэтэж.

Мусэ лъапІэмрэ мэлыхъуэмрэ

«ГукъэкІыжхэм ящыщ хъугъуэфІыгъуэхэр» тхыльым Руми Джалалуддин къыщеІуэтэж Мусэ лъапІэм къыщыщІа хъыбар гъэщІэгъуэн.

Махуэ гуэрым Мусэ бегымбарым гъэзугбгъум деж мэлыхъуэ гуэр къыщилъэгуащ, и Іэхэр къэІэтауэ Тхьэм зыхуигъаззу: «Ялыхь, дэнэ уэ уздэщыІэр? Сэ сыбдэІэпыкъуну сыхуейщ. Уи макъэхэр пхуэздыжьнт, уи щхьэцыр пхуэзжьынт, уи щыгъынхэр пхуэзжьыщІынт, уи щхьэми сыпхуэхэплъэнт. Шэ ныпхуэсхьынтэкъэ! Уи лъакъуэ цІыкІуэхэмрэ уи Іэ цІыкІуэхэмрэ ба яхуэсщІурэ узгъэгъэзылъынт! Уи унэр зэщІэспхэжьынти, къабзэу пхуэсхьэнт. Си мэлхэри си бжэнхэри псори Уэращ зейр». Мусэ афІэкІа хуэхьажакъым.

- Хэт узэпсалъэр?

- Псори дыкъэзыгъэщІам – дэ цІыкІуэри, уафэри, щІылъэри.

- Алыхьталэм макъэхэмрэ лъэпэдэмрэ ятеухуауэ уемыпсалъэ! Сыт Іэ цІыкІуи, лъакъуэ цІыкІуи яхуэзпІэр? Апхуэдэу Тхьэм уепсэльэну дурыскъым! Уи Іыхьлыхэм захуэбгъафІэ нэхьей! Ар нэмысынщагъэщ. Шэ изыфир хэхъуэн зи хьэлырщ. Макъэ хуэныкъуэр лъакъуэ зиІэрщ. Алыхьыр апхуэдэкъым! Хуэфащэн псальэхэр къэгъэсэбэн. Іэпкльэпкъымрэ къалъхун-лІэжьным и бзэмрэ зыхуэфащэр дэ цІыкІуэращ, Алыхьталэракъым!»

Мэльхэм тобэ кІыхьыкІуэ, и щыгъныгр зэфитхэри, гъыуэ кІымым ихьэжащ.

Абдеж дыдэм Мусэ бегымбарым узэкиІ къыхуокІуэ: «Сэ спэгъунэгъу цІыкІумрэ Сэрэ зэпэІэщІэ щхьэ дыпщІри?» Уэ ущІэбегъымбарыр Алыхьымрэ цІыкІумрэ зэпыпщІэн папщІэ, хьэмэ я зэхуакум удыхьэн щхьэкІэ? Псо зыІут псоми Сэ адрейхэм ейм емыцхъ еплъыкІэ, щІэныгъэ, а щІэныгъэр къыззэрыІэтэн Іэмал щхьэкуэ естащ. Зым и тхъэ хуэпщыкІыкІэр адрейм ейм нэхърэ нэхъ мыхьэнэншэу къыпфІремыщІ. Псоми Алыхьыр ягъэлъапІэ, аращ фІыгъуэ нэхъыщхьэр. Сэ зыгуэр къысхуащІэу аракъым абы хэм, езыхэм Тхьэм хуэжьІэщІэныр къыхахауэ, абы ироп-сэу. Сэ абыхэм я псальэзэракъым къысфІэІуэхур, я псэр къыззрызэтарщ. Зи гур икъутыхьауэ зызыгъэльэхъшэ цІыхум жиІэрщ Си фІэщ хъур. Псальэхэр зыщІигъэгъупщэ. Сэ сызыпІыхъуэр лъагъуныгъэм илыпщІа гурщ. Мис абы ныбжьэгъу зыхуэщІ. Уи гупсысэхэми уи псальэ ухуэкІэми уемыпІалІэ. ПсальэкІэмрэ хьэлымрэ я фІыгъэкІэ кІуатэхэр зы лъэныкъуэщ, тхьэ лъагъуныгъэм илыпщІхэр нэгъуэщІщ, Мусэ! Сэ фІыуэ сыкъэзылъагъум и псальэ пхэнжыр гу быдэм и «псальэкІэ пэжым» нэхърэ минкІэ нэхъ лъапІэщ. Чэбэ кІуэцІым къабгъ къыщалъхьуэркъым, уи нэмэзыкъкъэр дэнэкІэ ухуейми щыгъаз?!»

Апхуэдэу Тхьэр зэпсэльа Мусэ щІэпхъуэри, мэлыхъуэр къыпльыхъуэн щІидзащ. Къымым кърина лъэкъуампІэхэм ирикІуэурэ, сытми, зэ лъэщІохьэри жреІэ: «Къуанщэ сэрат, си къуэш, къэувыІэ! Уэзрыхуейуэ уи гум илъ лъагъуныгъэм къыбжиІэхэр къэпсэлъ. Іэфі зыщІэлъ уи лъэІуэкІэ «мыдурысырщ» пэжым я нэхъ лъагэр. Дунеишхуэр щІэхи-тыр уэ пхуэдэхэм я фІыгъэщ. КъэтІатэ уи бзэри, епсалъэ уи Тхьэм узэрыхуейуэ».

Мэрем псапэ

Алыхьыр арэзы зыхуэхъун Хьэлий Іэбу Палиб и къуэм къиІуэтэжащ Бегымбар лъапІэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам жиІауэ: «Мэрем махуэр зэрыщыту нэмэз щыгъуэщІ. Алыхьым и пщылІу зыкъэзылъытэж зы цІыху щыІэкъым дыгъэм бжьым и лъагагъкІэ е нэхъ лъагэу зиІэта нэужь, андез ищтэрэ гу къабзэкІэ къулъшыкъу (духьа) нэмэзым и тІысыгъуитІ ищІмэ, Алыхьталэм псапэ 200-м нэс хуимытхыну, Іуэху мыхьумыщІэ 200-м нэс хуихуимыгъэгъуну. ТІысыгъуиплІ ищІмэ, Алыхьталэм абы Жэнэтым щиІэну унапІэр дэкІуеипІэ 400-кІэ хуиІэтыщ. ТІысыгъуий ищІмэ, Жэнэтым дэкІуеипІэ 800-кІэ щиІэтынурэ гуэныкъу тепь псори къыхуигъэзынущ. ТІысыгъуэ 12 зыщІым Алыхьталэм псапэ 1200-рэ хуитхынущ, мыхьумыщІагъэ 1200-рэ къыхуигъэгъунурэ и Жэнэт унапІэр дэкІуеипІэ 1200-кІэ нэхъ лъагэу хуиІэтынущ».

Тхьэр арэзы зыхуэхъуну Нафихь, ХьэттІаб и къуэ Умар къыпльигъэІэсауэ къеІуэтэж, Бегымбар лъапІэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам мыпхуэдэу жиІауэ: «Мэрем махуэм мэжджытым щІыхьэр, мэрем нэмэзыр къэсын ипэ тІысыгъуиплІ, дэтхэнэ зы тІысыгъуэми «Фатихьэ» нэужьым 50-рэ «Къулхуолэр» къибжу зыщІыр дунейм ехьжьынукъым, Жэнэтым щиІэну унапІэр кърамыгъэлъэгъуауэ».

Архитекторхэм я зэфІэкІхэр

Ди гъащІэм сыт щыгъуи увыпІэ лъагэ щызыубыд Іэщ1агъэ, щІэныгъэ куэд щыІэщ. Абыхэм ящыщщ архитекторхэр. Ди республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек и упчІэкІэ 2024 гъэр Архитекторым и илъэсу ягъэуващ.

БЛЭКІАР наІуэу ди нэгу къыщІэзэшгъэуэвэж ухуэныгъэхэмкІэ къулейщ Урысей Федерацэр. Апхуэдэхэр щымащІэкъым ди республикэми. Ахэр нэхъыбэж щІыным хьэлэлу хуэлажьэхэрщ зытеухуауэ щытар Мэлбахъуэ Тимборэ и цІэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм ижьблагъэ щызэхэта зэІущІэр. Ар къызэІуихащ мы Іуэхущ1апІэм и унафэщІ, филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, Къэбэрдей-Балъкъэрым щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Бэрбэч Хьэтіутіэ и цІэр зезыхьэ университетым илъэс 23-кІэ егъэджакІуэ нэхъыжьу, доценту, ухуэныгъэмкІэ факультетым и кафедрэм иужькІэ и унафэщІу щыІэжьа, архитекторэмкІэ институтым и унафэщІ Хэжь Анатолэ. Абы зэІущІэм кърихьэлІахэм ягу къигъэкІыжащ архитекторхэм я Іэдакъэщ1экІхэу ди щІыналъэр зыгъэбжьыфІэ лэжьэгъэхэр, адэкІи къытеувыІащ мы Іэщ1агъэм нэхъри пщІэ, зэфІэкІ ин иІэн папщІэ гу нэхъ зыпльатапхъэу къыпльытэхэм. И къэпсэльэныгъэм иужькІэ упщІэ зиІэхэм жэуап яритыжащ.

Зэ1ущІэм къыщІопсэльащ республикэм щІыхь зиІэ и архитектор, архитектурэмкІэ институтым, КъБКъУ-м я доцент, ухуэныгъэмрэ дизайнымкІэ факультетым и деканым и къуэдзэу илъэс куэдкІэ щыта Бжьахъуэ Музарибэ. Ёзым иригъэджауэ Іэщ1агъэлІ нэс ухуэхэм, ехьулІэныгъэ яІэу егъэджакІуэу нобэ къыщалажьэхэм фІыщІэ ин яхуищІащ икІи я зэфІэкІым зэрыригъэжьуэ къыхихигъэщи, адэкІи хагъэхъуэну ехьэхъуащ. Абы зэфІагъэкІа лажьыгъэхэмрэ мурадхэмрэ зэІущІэм къекІуэлІахэр щыгъуазэ ищІащ.

Налшык къалэм и архитектор нэхъыщхьэ, къалэ администрацэм и унафэщІым ухуэныгъэмкІэ и къуэдзэ, щІалэщІэмэ, зэфІэкІ ин иІэу я къалъытэ Быдэ Аслъэн и къэпсэльэныгъэри гъэщІэгъуэнт. Архитектурэм, ухуэныгъэм хуеджауэ диплом зратахэм къыжаха Іэщ1агъэр Іэщ1ыб зэращІыр игу къыззрегъэмэрэ а лажьыгъэм щІалэгъуалэр дегъэхьэхьи, хуэфащэ пщІэ егъэгъуэтыжьын папщІэ хэкІыпІэ къагъуэтынымрэщ ар нэхъыбэу къызытеувыІар.

Зэ1ущІэм кърихьэлІа хьэщІэхэр къэпсэльа иужь, библиотекэм и лажьакІуэхэм Іуэхур зытеухуам къыуэзграгъэпэща гъэлъэгуэныгъэхэм ирагъэпльащ.

ШАФИЙ Аслъэн.

МэзгъэфІэнхэм я лъэмакъ

• Махуэгъэпс

2024 гъэм мэлыжьыхьым и 20-м къыщыщІэдзауэ и 30 пщІондэ къэрал 200-м щІигъум щрагъэкІуэкІынущ «МэзгъэфІэнхэм я лъэмакъ» («Марш парков») зыфІаща Іуэхугъуэхэр. Ахэр хуэгъэзащ щІыуэпсым хэхауэ яхъумэ и щІыпІэхэм (ООПТ-хэм) гулъытэ хэха хуэщІыным.

МЫГЪЭРЕЙМ дыкъэызыхуриджэр «ЩІыуэпсыр хъумэнымрэ зэтегъэувэжьнымрэ – дыкъэзыхуэрееихь дунейм и щытыкІэр езыгъэфІакІуэщ» жыхуиІэрщ.

«МазгъэфІэнхэм я лъэмакъ» щІыхьэхуэхэр, зэхэзыщэхэм къызэралъытэмкІэ, къэралхэм я зэхуэдэ икІи я зэхуаку дэлъ жылагъэ Іуэхущ, къызэхуриджэм щІыхуэхэр хуэзэщІигъэуІуэу. Къызэхуриджэр сыт жыпІэмэ, мэзгъэфІэнхэмрэ лъэпкъ паркхэмрэ, мэзкъуэдыхэмрэ дыкъэзыхуэрееихь дунейм хэхауэ яхъумэ и щІыпІэхэмрэ хъумэнымрэ адэкІи зегъэужьныщ.

Мэзкъуэдыхэмрэ лъэпкъ паркхэмрэ къызэзэгъэпэщ1ахэм зытращІыхьар ди планетэм и экосистемэр нэхъ къеГъэлэ, хъума хъунущ. АрщхьэкІэ, дыкъэзыхуэрееихь Іэгъуэблагъэм, абы щхьэкІи къэмынэу, щытыкІэр нэхъри зэрыщекІакІуэр къэтІылъытэмэ, аркъудейкІэ зэрызэфІэмыкІынури нэрылъагъущ. Абы къыхэкІыуи мыхьэнэшхуэ зиІэщ тІщынщ дэтхэнэми, и унэлІапсэм деж къыщыщІдзэу, къегъэщІыпІлІа и Іэхэлъаэхэр зэлъыуихьным, зэрыхуэсакъынкъым хуейр зэхищІыкІыным. Апхуэдэ лэжьыгъэр къалэхэми къуажэхэми щегъэкІуэкІыпхъэщ.

Іуэхум и ублакІуэхэм зи гугъу тщІы махуэхэм мэзгъэфІэнхэмрэ щІыуэпсыр хъумэнымрэ зэтегъэувэжьнымрэ – дыкъэзыхуэрееихь дунейм и щытыкІэр езыгъэфІакІуэщ» жыхуиІэрщ.

«МазгъэфІэнхэм я лъэмакъ» щІыхьэхуэхэр, зэхэзыщэхэм къызэралъытэмкІэ, къэралхэм

● Пшыхьхэр

Щыху лъэужьыфIэм и фэеплъ

Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым литературэ-макъамэ пшыхь гуапэ щекIуэкIащ, адыгэ усакIуэ, гупсысакIуэ, льэпкъ литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа ПащIэ Бэмырзэ къызэрыкъуар илъэси 170-рэ зэрырикъуам и щыхькIэ. Ар къызэрагъэпэщащ КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэмрэ КъБР-м и Тхакlуэхэм я зэгухьэныгъэмрэ.

ТЕАТР бжэлупэм лъэпкъ фащэкэр ящыгъыу узэрэдрэ къафэкIэ гуапэу щрагъэблагъащ Тыркум къикIа ди лъэпкъэгухэр.

ПащIэ Бэмырзэ и гъащIэмрэ гущIэмрэ теухуауэ театрым и гупсысакIуэ, литературэм, гъуазджэм, щэнхабзэм, литературэм я лэжьакIуэ цIэрыпIуэхэр, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и хэгъэгухэм щыщу ирагъэблагъэ литературэхэр, Тыркум къикIа хъэщIэхэр.

Къумахуэ Мухьадин пшыхьым зыкърезыгъэхьэлIэхэм ягу кIыгъэкIыжащ адыгэ усыгъэмрэ литературэмрэ я зэхэублакIуэ ПащIэ Бэмырзэ и гъащIэмрэ гущIэмрэ.

Зи псалъэм апхэздиз пащIэ, зи усэм къару иIа пасэрей адыгэ усакIуэхэм я иужьрей щIэблэм къыхэкIащ ПащIэ Бэмырзэ. Абы и усэмкIэ ихьмащ, адыгэ джэгуакIуэ цIэрыпIуэхэм ябгъэдэлъа художественнэ къарумрэ дахагъэмрэ, гущIэмрэ кабзагъэмрэ. Бэмырзэщ пасэрей адыгэ усэм и хабзэр, и шыфэлIыфэр, и щапхъэ гъэзэджкэзэ ди деж къызыхэсар. Абы и усэр апхэдизу кIабзэу, гуи дыхьэу зэрыщытыр хэт и дежкIи нэрылъагъущ икIи лIэщIыгъуэ куэдым къыпхыкIа адыгэбзэ шэрыуэ зэрыбгъэдэлъыр нэрылъагъущ. IуэрыIуатэм и гъуэгурыIуэхэмкI, ар къызэрыгэкIри, льэпкъ литературэм хабзэкъуащ. Льэпкъ литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа ПащIэ Бэмырзэ и «дыщэ пхъуантэм» къыдэкIыжкащэр ди литературэм зыужьыныгъэ нэс гъэтар. Ар льэпкъ литературэм, тхыдэм телъжьащ. Бэмырзэ и псалъэ пэжжэм даущийуэ нобэр къызэдэсым къокIуэкI. Абы и цIэр мыкIуэдыжьищ. Льэпкъым и насыпым щIэбэну къекIуэкIащ ПащIэр. Аращ усакIуэм и гъащIэм насып мыухэр хэтар.

- ПащIэ Бэмырзэ дызэрилъэпкъэгъум дригушхуэн хуейщ. ЩIэныгъэ зыбгъэдэлъа усакIуэм езым зэхилъхьэжа хьэрыл графикэр зи лъабжьэ алыфбеймкIэ абы цIыхухэр ирагъаджэрт, езыр иритэкрт. Ар жылагъуэ гъащIэми жыджэру зэрыхэтар тхыдэм къыхэнащ. Дэхуэхахэмрэ тхъэмыщIкIэхэмрэ зэпымыуэ щIэгъэкъуэн яхуэхъурт, - жиIащ Къумахуэ Мухьадин. - Адыгэ литературэмрэ щэнхабзэмрэ Бэмырзэ хуищIа хэлъхьэныгъэхэр къыпхуэмыIуэтэнщ. И усэхэм абы лъэпкъ зэныбжьэгъугъэм гулъытэ ин щыхуищIащ. Горький Максим гу къыпытащ кущIэIэхэр, и гъащIэмрэ гущIэмрэ, и тхыгъэ щхьэжъхэм теухуауэ щIэныгъэлIхэмрэ тхакIуэхэмрэ ятхахэр, усакIуэм къыщIэна сурэтхэр. Апхуэдэу щIэщыгъуэ ящыхьащ а псом дыщIагъуэ адыгэ фащэхэр, арджанхэр, пасэрей хьэпшыпхэр.

КъБР-м щэнхабзэмкIи и министр Къумахуэ Мухьадин жьантIэм дэсхэр яригъэщIыхуащ пшыхьым къихьэлIагъэхэм. Абыхэм яхэтт республикэм и унафэщIхэр, жылагъуэм, гъуазджэм, щэнхабзэм, литературэм я лэжьакIуэ цIэрыпIуэхэр, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и хэгъэгухэм щыщу ирагъэблагъэ литературэхэр, Тыркум къикIа хъэщIэхэр.

Къумахуэ Мухьадин пшыхьым зыкърезыгъэхьэлIэхэм ягу кIыгъэкIыжащ адыгэ усыгъэмрэ литературэмрэ я зэхэублакIуэ ПащIэ Бэмырзэ и гъащIэмрэ гущIэмрэ.

Зи псалъэм апхэздиз пащIэ, зи усэм къару иIа пасэрей адыгэ усакIуэхэм я иужьрей щIэблэм къыхэкIащ ПащIэ Бэмырзэ. Абы и усэмкIэ ихьмащ, адыгэ джэгуакIуэ цIэрыпIуэхэм ябгъэдэлъа художественнэ къарумрэ дахагъэмрэ, гущIэмрэ кабзагъэмрэ. Бэмырзэщ пасэрей адыгэ усэм и хабзэр, и шыфэлIыфэр, и щапхъэ гъэзэджкэзэ ди деж къызыхэсар. Абы и усэр апхэдизу кIабзэу, гуи дыхьэу зэрыщытыр хэт и дежкIи нэрылъагъущ икIи лIэщIыгъуэ куэдым къыпхыкIа адыгэбзэ шэрыуэ зэрыбгъэдэлъыр нэрылъагъущ. IуэрыIуатэм и гъуэгурыIуэхэмкI, ар къызэрыгэкIри, льэпкъ литературэм хабзэкъуащ. Льэпкъ литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа ПащIэ Бэмырзэ и «дыщэ пхъуантэм» къыдэкIыжкащэр ди литературэм зыужьыныгъэ нэс гъэтар. Ар льэпкъ литературэм, тхыдэм телъжьащ. Бэмырзэ и псалъэ пэжжэм даущийуэ нобэр къызэдэсым къокIуэкI. Абы и цIэр мыкIуэдыжьищ. Льэпкъым и насыпым щIэбэну къекIуэкIащ ПащIэр.

ПащIэ Бэмырзэ теухуа ныщхьэбэрей зэхьокIэ. Ди жагъуэ зэрыхъунущи, ди льэпкъыр дуней псом къезыгъэщIыхуа, ди щхьэр лъагэу дзэгъэльэпъгъуэ апхуэдэ щIыхуэр ди мащIэщ. Ди льэпкъ хабзэр, фащэр, Iэщэр дыззэрыгушхуэ, дуней псом щызэпылъащIысащ. Бэмырзэ хуэдэ щIыхуэм я фэеплъыр, ди бзэр, ди хабзэр, ди нэмысыр лъэпкым дывгъэхъумэ! - жиIащ Дунейпос Адыгэ Ха-сэм и тхъэмадэ Сэхъуроковэ Хьэутий. - Сирием, Иорданием, Тыркум, Адыгейм, Шэрджэсым, Краснодар, Ставрополь крайжэм, гъунэгъу щIынальэхэм къикIа ди хьэщIэхэм фIыщIэ фхуэщIу! Льэпкъым ди зэныбжьэныгъэр иджыри нэхьри дывгъэгъэбыдэ. Пшыхьыр къыззэзыгъэпэщахэми фIыщIэ яхуэфащэщ!

УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI, КъБР-м и щIыхь зиIэ артист, композитор цIэрыIуэ, философ, усакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, ПащIэ Бэмырзэ и пхъурылъху ХьэлIэ Джэбрэилэ ПащIэхэ, ХьэлIэпэхэ и льэпкъэм къабгъэдэкIыу фIыщIэ яхуищIащ пшыхьым кIыззэзыгъэпэщахэмрэ абы зыкърезыгъэхьэлIагъэмрэ, нэгъэущI республикэхэмрэ хамэ къэралхэмрэ къикIа хьэщIэхэм.

Пшыхьым къыщыпсэлъащ КъБР-м щIыхь и хуитыныгъэхэр хъумэныжкIэ и уполномоченнэ Зумакулов Борис, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI Тхьэгъэзит Юрэ, КъБР-м и Парламентым щэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэмрэ хъыбарегъащIэ политикэмрэ зегъэужьыныжкIи и комитетым и унафэщI Къумал Заурбэч, тхыгъэ тедзапIэм и унафэщI, лъэхэхутэ Котляров Виктор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Гъут Iэдэм, нэгъэущIхэри.

Пшыхьым ягъэдхащ Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артистхэм, республикэм и уэрэджэныкIуэ, къэфакIуэ Iэзэхэм.

- Ныбжьэгъу лъапIэхэ, лъэпкъым и дежкIэ мыхьэнэшхуэрэ пщIэшхуэрэ зиIэ пшыхьыщ ПащIэ Бэмырзэ теухуа ныщхьэбэрей зэхьокIэ. Ди жагъуэ зэрыхъунущи, ди лъэпкъыр дуней псом къезыгъэщIыхуа, ди щхьэр лъагэу дзэгъэльэпъгъуэ апхуэдэ щIыхуэр ди мащIэщ. Ди лъэпкъ хабзэр, фащэр, Iэщэр дыззэрыгушхуэ, дуней псом щызэпылъащIысащ. Бэмырзэ хуэдэ щIыхуэм я фэеплъыр, ди бзэр, ди хабзэр, ди нэмысыр лъэпкым дывгъэхъумэ! - жиIащ Дунейпос Адыгэ Ха-сэм и тхъэмадэ Сэхъуроковэ Хьэутий. - Сирием, Иорданием, Тыркум, Адыгейм, Шэрджэсым, Краснодар, Ставрополь крайжэм, гъунэгъу щIынальэхэм къикIа ди хьэщIэхэм фIыщIэ фхуэщIу! Льэпкъым ди зэныбжьэныгъэр иджыри нэхьри дывгъэгъэбыдэ. Пшыхьыр къыззэзыгъэпэщахэми фIыщIэ яхуэфащэщ!

УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI, КъБР-м и щIыхь зиIэ артист, композитор цIэрыIуэ, философ, усакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, ПащIэ Бэмырзэ и пхъурылъху ХьэлIэ Джэбрэилэ ПащIэхэ, ХьэлIэпэхэ и льэпкъэм къабгъэдэкIыу фIыщIэ яхуищIащ пшыхьым кIыззэзыгъэпэщахэмрэ абы зыкърезыгъэхьэлIагъэмрэ, нэгъэущI республикэхэмрэ хамэ къэралхэмрэ къикIа хьэщIэхэм.

Пшыхьым къыщыпсэлъащ КъБР-м щIыхь и хуитыныгъэхэр хъумэныжкIэ и уполномоченнэ Зумакулов Борис, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI Тхьэгъэзит Юрэ, КъБР-м и Парламентым щэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэмрэ хъыбарегъащIэ политикэмрэ зегъэужьыныжкIи и комитетым и унафэщI Къумал Заурбэч, тхыгъэ тедзапIэм и унафэщI, лъэхэхутэ Котляров Виктор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Гъут Iэдэм, нэгъэущIхэри.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Нашлык и Музыкэ школ №3-м и концерт пэшым щызэхуэсат республикэ радиом и унафэщI, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист Гъурф (Къуэдзокъуэ) Беллэ и фэеплъыр зыгъэлъапIэ и ныбжьэгъуфIэхэр, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакIуэхэр ар зигу къэзыгъэкIыжыну хуейхэр. Ар дунейм зэрехьыжрэ, хабзэ ящIауэ, и ныбжьэгъуэу Мэремкъул Ларисэрэ Теувэжыкьуэ Марианнэрэ илъэс къэс (мы гъэр еб-гуанэщ) Беллэ и феплъу концерт ирагъэкIуэкI.

ФОРТЕПИАНЭ еуэхэр нэхъыбэу, ауэ нэгъуэщI Iэмэпсымэхэр зи Iэмэпсымэ хэтт зэхьэзэхуэ ящIурэ, абы нэхьыфIу къыщалъытахэм я зэхуэзыщIыж пшыхь ильэс зыбжанэкIэ къызэригъэпэщащ Налшык дэт Сабий музыкэ школ №2-м, Теувэжыкьуэм зэрыщIыкIу лъандэрэ къыдэгъуэгурыкIуа Уэсмэн Марианнэ зи унафэщIым. Мы гъэм а къалэныр зи пщэ дэзыльхьэжар Къэлупэ Маритэ зи нэхъыщхьэ музыкэ школ №3-рац.

Пшыхьым къыззэIуахащ мы еджапIэм и хор нэхъыжьым хэт щащIащэ, я унафэщI Курносовэ Ириндэ концертмейстер Мокаевэ Ириндэ ящIыгъуу, Сальский Ю., Завальнюк Л. сымэ зэдатха Бжьыхьэ макъамэ» IэдакъэщIэкI дахэмкIэ.

Кьызэхуэсахэм фIэхъус ярихьу зэIущIэм щхьэусыгъуэ хуэхъуам кIэщIу щигъэгъуэза иужь, Маритэ я цIэ кьриIуащ макъамэ гъуазджэм хэльхьэныгъэ хуэзэщIащ Iуэрыдэ макъамэ (1-нэ класс, Артуновэ Екатерин) (1-нэ класс, Темыркъан Юрэ и цIэр зезыхьэ Сабий музыкэ школ №91, егъэджакIуэр КъБР-м щIыхь зиIэ и артистхэ Жилач Светланэщ), Машков Матвей (4-нэ класс, ДМШ №62, Сусипинэ Еленэ), Ахмедовэ Таисэ (2-нэ класс, ДМШ №91, Осетие Ипщэ Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Моттаевэ Регинэ), КIуэкIуэ Андемыр (6-нэ класс, ДМШ №1, Хачатурова Ольгэ), Мысачэ Джамилэ (8-нэ класс, ДМШ №93, ПщыгуусэМаритэ), Болий Дианэ (6-нэ класс, ДШИ №1, Самаринэ Заремэ), 6-нэ, 5-нэ классхэм щеджэжэу Уэденовэ Джамилэрэ Къэгъэзэж Альбинэрэ (ДМШ №2, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Молэ Светланэ, Подскребаевэ Алёнэ), Бэрбэч Iэдэм (6-нэ класс, ДМШ №2, Нестеренкэ Ириндэ), Рахаевэ Даринэрэ Казиевэ Ринэрэ (ДМШ №1, Семоненкэ Еленэ), Мэсей Iэдэм (4-нэ класс, ДМШ №1, Щоджэн Мадинэ), Ульбашев Болэтрэ Афэ Дисанэрэ (ДМШ №3, Хьэтхуэт Людмилэ, Мамышэ Жаннэ), Цырых Ислъам (5-нэ класс, ДМШ №3, СэвкIуий Еленэ) сымэ.

Тынщу, гуапэу, хуабэу екIуэкIа пшыхьым псалъэ щрагъэжьащ Беллэ и ныбжьэгъуу, абы и гуащIэм дихьэхыу щыта композитор цIэрыIуэ Хьэлупэ Джэбрэил. «Сохъуапсэ мы щIалэ цIыкIуэхэмрэ хъыджэбз цIыкIуэхэмрэ, щIэныгъэр щызэщIашэрэн сабиигъуэ дахэ зэраIэм щхьэкIэ. Сэ апхуэдэ сиIакъым, Iэщ1агъэ схуэхъуам сыхуеджэну Iэмал щызгъуэтар илъэс 17 сыхьуущ, абы щыгъуэщ ялэ дыдэу фортепианэ щысльэгъуари. Беллэ и гугу сщIымэ, сыт хуэдэ Iуэхури фIы дыдэу къызэхъулIэ цIыху дахэт ар. Зэи си гугъэнтэкъым абырэ Уэсмэн Марианнэрэ я ныбжьэгъэ конкерваторэм щыпамыщэну, арщхьэкIэ гъащIэм абыхэм къащыпэлъэр нэгъэущIт», - жиIащ Хьэлупэм.

Уэсмэн Марианни, тележурналисткэ Битокъу Нелли, нэгъуэщIхэми жаIэн я куэдт пшыхьыр си фэеплъым теухуауэ. Жэщ-махуэкIэ тепсэлъыхьами яхуэныкъуэн жьгъхуэпIэм хуэдизт абы и цIыхуфIагъэр, и хьэлIыгъэр, зэрыпсэлъэгъу гъэшIэгъэныр, сыт хуэдизрэ убгъэдэмысами зыщymысIэнщIу зэрыщIтар.

ЗэIущIм и кIэуэку зэхэпсэлъащ Урысей радиом и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Мэремкъул Ларисэ.

- ИIэусыщIэ эфиру зы цIыху къыщIымыкIуар зэи сщыгъупщэжыркъым. Сэ эфирым ситщ, си гъусэу нэтыныр езыгъэжьакI Гъурф Беллэрэ Теувэжыкьуэ Марианнэрэ къыщIохьэ-щIокIыжк. ЖьзоIэ: «Зыри нэтыным къэкIуакъыми, ди ныбжьэгъуэхэм сызэхэфхмэ, микрофоныр хуитщ». ДакъикьипщI дэкIатэкъым Балъкъэр Юрэ, Теувэжыкьуэ Владимир, Сэралъп Алик сымэ къыщысам. Нэтын телъыджв хъуат, - игу кьигъэкIыжащ Ларисэ. - Апхуэдэ щытыкIэ Iэджэм гъэщIэгъуэ ну къикIыфырт Беллэ, цIыху и жагъуэ хуэщIныгъэхэм, нэхъыжьми нэхъыщIэми псалъэ кьыхуигъэтырт.

Адэкlэ Ларисэ я цIэ кьриIуащ нэхъыфIу мы гъэм къалъытауэ Беллэ и фэеплъ яГъуэва ахъшэ саугъэтхэр зыхуагъэфащэ ныбжьыщIэхэм. Ахэр Машков Матвей (гитарэ), Болий Дианэ (фортепианэ), Цырых Ислъам (адыгэ пшынэ), Мэсей Iэдэм (фортепианэ) сымэщ.

Хагъэхъуэну, ефIкIуэну, дахагъэм и гуэгур къызэрыхахам зи хущIемыгъуэжыну!

ИСТЭПАН Залинэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Беллэ ягу ихуркъым

● Фэеплъ



къыхигъэщащ Налшык дэт гъуазджэ егъакIиплIым (Сабий музыкэ школ (ДМШ) №1, №92, №93, Гъуазджэхэмкlэ Сабий школ (ДШИ) №1) я гъэсэнхэр нобэ утыкум къызэрихьэнур.

Пшыхьым хэтахэм, макъамэ Iэмэпсымэ зэмыIэужьыгъуэхэм еуэхэм хэбдзыныу зэрахэмытым къыхэжьIу, сыхуейщ псоми я щIэ къысIуэну. Апхуэдэщ пианинэ, гитарэ, скрипкэ, саксофон, пшынэ, нэгъуэщIхэри зыгъабзэрэбзахэу, классикэ макъамэ IэдакъэщIэкI цIэрыIуэхэр зыгъэзэщIахэу, зэпеуэ зэмыIэужьыгъуэхэм щытекIуэхэу Артуновэ Екатерин) (1-нэ класс, Темыркъан Юрэ и цIэр зезыхьэ Сабий музыкэ школ №91, егъэджакIуэр КъБР-м щIыхь зиIэ и артистхэ Жилач Светланэщ), Машков Матвей (4-нэ класс, ДМШ №62, Сусипинэ Еленэ), Ахмедовэ Таисэ (2-нэ класс, ДМШ №91, Осетие Ипщэ Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Моттаевэ Регинэ), КIуэкIуэ Андемыр (6-нэ класс, ДМШ №1, Хачатурова Ольгэ), Мысачэ Джамилэ (8-нэ класс, ДМШ №93, ПщыгуусэМаритэ), Болий Дианэ (6-нэ класс, ДШИ №1, Самаринэ Заремэ), 6-нэ, 5-нэ классхэм щеджэжэу Уэденовэ Джамилэрэ Къэгъэзэж Альбинэрэ (ДМШ №2, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Молэ Светланэ, Подскребаевэ Алёнэ), Бэрбэч Iэдэм (6-нэ класс, ДМШ №2, Нестеренкэ Ириндэ), Рахаевэ Даринэрэ Казиевэ Ринэрэ (ДМШ №1, Семоненкэ Еленэ), Мэсей Iэдэм (4-нэ класс, ДМШ №1, Щоджэн Мадинэ), Ульбашев Болэтрэ Афэ Дисанэрэ (ДМШ №3, Хьэтхуэт Людмилэ, Мамышэ Жаннэ), Цырых Ислъам (5-нэ класс, ДМШ №3, СэвкIуий Еленэ) сымэ.

Тынщу, гуапэу, хуабэу екIуэкIа пшыхьым псалъэ щрагъэжьащ Беллэ и ныбжьэгъуу, абы и гуащIэм дихьэхыу щыта композитор цIэрыIуэ Хьэлупэ Джэбрэил. «Сохъуапсэ мы щIалэ цIыкIуэхэмрэ хъыджэбз цIыкIуэхэмрэ, щIэныгъэр щызэщIашэрэн сабиигъуэ дахэ зэраIэм щхьэкIэ. Сэ апхуэдэ сиIакъым, Iэщ1агъэ схуэхъуам сыхуеджэну Iэмал щызгъуэтар илъэс 17 сыхьуущ, абы щыгъуэщ ялэ дыдэу фортепианэ щысльэгъуари. Беллэ и гугу сщIымэ, сыт хуэдэ Iуэхури фIы дыдэу къызэхъулIэ цIыху дахэт ар. Зэи си гугъэнтэкъым абырэ Уэсмэн Марианнэрэ я ныбжьэгъэ конкерваторэм щыпамыщэну, арщхьэкIэ гъащIэм абыхэм къащыпэлъэр нэгъэущIт», - жиIащ Хьэлупэм.

Уэсмэн Марианни, тележурналисткэ Битокъу Нелли, нэгъуэщIхэми жаIэн я куэдт пшыхьыр си фэеплъым теухуауэ. Жэщ-махуэкIэ тепсэлъыхьами яхуэныкъуэн жьгъхуэпIэм хуэдизт абы и цIыхуфIагъэр, и хьэлIыгъэр, зэрыпсэлъэгъу гъэшIэгъэныр, сыт хуэдизрэ убгъэдэмысами зыщymысIэнщIу зэрыщIтар.

ЗэIущIм и кIэуэку зэхэпсэлъащ Урысей радиом и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Мэремкъул Ларисэ.

- ИIэусыщIэ эфиру зы цIыху къыщIымыкIуар зэи сщыгъупщэжыркъым. Сэ эфирым ситщ, си гъусэу нэтыныр езыгъэжьакI Гъурф Беллэрэ Теувэжыкьуэ Марианнэрэ къыщIохьэ-щIокIыжк. ЖьзоIэ: «Зыри нэтыным къэкIуакъыми, ди ныбжьэгъуэхэм сызэхэфхмэ, микрофоныр хуитщ». ДакъикьипщI дэкIатэкъым Балъкъэр Юрэ, Теувэжыкьуэ Владимир, Сэралъп Алик сымэ къыщысам. Нэтын телъыджв хъуат, - игу кьигъэкIыжащ Ларисэ. - Апхуэдэ щытыкIэ Iэджэм гъэщIэгъуэ ну къикIыфырт Беллэ, цIыху и жагъуэ хуэщIныгъэхэм, нэхъыжьми нэхъыщIэми псалъэ кьыхуигъэтырт.

Адэкlэ Ларисэ я цIэ кьриIуащ нэхъыфIу мы гъэм къалъытауэ Беллэ и фэеплъ яГъуэва ахъшэ саугъэтхэр зыхуагъэфащэ ныбжьыщIэхэм. Ахэр Машков Матвей (гитарэ), Болий Дианэ (фортепианэ), Цырых Ислъам (адыгэ пшынэ), Мэсей Iэдэм (фортепианэ) сымэщ.

Хагъэхъуэну, ефIкIуэну, дахагъэм и гуэгур къызэрыхахам зи хущIемыгъуэжыну!

ИСТЭПАН Залинэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Пшыхьхэр

Щыху лъэужьыфIэм и фэеплъ

Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым литературэ-макъамэ пшыхь гуапэ щекIуэкIащ, адыгэ усакIуэ, гупсысакIуэ, льэпкъ литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа ПащIэ Бэмырзэ къызэрыкъуар илъэси 170-рэ зэрырикъуам и щыхькIэ. Ар къызэрагъэпэщащ КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэмрэ КъБР-м и Тхакlуэхэм я зэгухьэныгъэмрэ.

ТЕАТР бжэлупэм лъэпкъ фащэкэр ящыгъыу узэрэдрэ кьафэкIэ гуапэу щрагъэблагъащ Тыркум къикIа ди лъэпкъэгухэр.

ПащIэ Бэмырзэ и гъащIэмрэ гущIэмрэ теухуауэ театрым и гупсысакIуэ, литературэм, гъуазджэм, щэнхабзэм, литературэм я лэжьакIуэ цIэрыIуэхэр, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и хэгъэгухэм щыщу ирагъэблагъэ литературэхэр, Тыркум къикIа хъэщIэхэр.

Къумахуэ Мухьадин пшыхьым зыкърезыгъэхьэлIэхэм ягу кIыгъэкIыжащ адыгэ усыгъэмрэ литературэмрэ я зэхэублакIуэ ПащIэ Бэмырзэ и гъащIэмрэ гущIэмрэ.

Зи псалъэм апхэздиз пащIэ, зи усэм къару иIа пасэрей адыгэ усакIуэхэм я иужьрей щIэблэм къыхэкIащ ПащIэ Бэмырзэ. Абы и усэмкIэ ихьмащ, адыгэ джэгуакIуэ цIэрыIуэхэм ябгъэдэлъа художественнэ къарумрэ дахагъэмрэ, гущIэмрэ кабзагъэмрэ. Бэмырзэщ пасэрей адыгэ усэм и хабзэр, и шыфэлIыфэр, и щапхъэ гъэзэджкэзэ ди деж къызыхэсар. Абы и усэр апхэдизу кIабзэу, гуи дыхьэу зэрыщытыр хэт и дежкIи нэрылъагъущ икIи лIэщIыгъуэ куэдым къыпхыкIа адыгэбзэ шэрыуэ зэрыбгъэдэлъыр нэрылъагъущ. IуэрыIуатэм и гъуэгурыIуэхэмкI, ар къызэрыгэкIри, льэпкъ литературэм хабзэкъуащ. Льэпкъ литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа ПащIэ Бэмырзэ и «дыщэ пхъуантэм» къыдэкIыжкащэр ди литературэм зыужьыныгъэ нэс гъэтар. Ар льэпкъ литературэм, тхыдэм телъжьащ. Бэмырзэ и псалъэ пэжжэм даущийуэ нобэр къызэдэсым къокIуэкI. Абы и цIэр мыкIуэдыжьищ. Льэпкъым и насыпым щIэбэну къекIуэкIащ ПащIэр.

ПащIэ Бэмырзэ теухуа ныщхьэбэрей зэхьокIэ. Ди жагъуэ зэрыхъунущи, ди льэпкъыр дуней псом къезыгъэщIыхуа, ди щхьэр лъагэу дзэгъэльэпъгъуэ апхуэдэ щIыхуэр ди мащIэщ. Ди лъэпкъ хабзэр, фащэр, Iэщэр дыззэрыгушхуэ, дуней псом щызэпылъащIысащ. Бэмырзэ хуэдэ щIыхуэм я фэеплъыр, ди бзэр, ди хабзэр, ди нэмысыр лъэпкым дывгъэхъумэ! - жиIащ Дунейпос Адыгэ Ха-сэм и тхъэмадэ Сэхъуроковэ Хьэутий. - Сирием, Иорданием, Тыркум, Адыгейм, Шэрджэсым, Краснодар, Ставрополь крайжэм, гъунэгъу щIынальэхэм къикIа ди хьэщIэхэм фIыщIэ фхуэщIу! Льэпкъым ди зэныбжьэныгъэр иджыри нэхьри дывгъэгъэбыдэ. Пшыхьыр къыззэзыгъэпэщахэми фIыщIэ яхуэфащэщ!

УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI, КъБР-м и щIыхь зиIэ артист, композитор цIэрыIуэ, философ, усакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, ПащIэ Бэмырзэ и пхъурылъху ХьэлIэ Джэбрэилэ ПащIэхэ, ХьэлIэпэхэ и льэпкъэм къабгъэдэкIыу фIыщIэ яхуищIащ пшыхьым кIыззэзыгъэпэщахэмрэ абы зыкърезыгъэхьэлIагъэмрэ, нэгъэущI республикэхэмрэ хамэ къэралхэмрэ къикIа хьэщIэхэм.

Пшыхьым къыщыпсэлъащ КъБР-м щIыхь и хуитыныгъэхэр хъумэныжкIэ и уполномоченнэ Зумакулов Борис, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI Тхьэгъэзит Юрэ, КъБР-м и Парламентым щэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэмрэ хъыбарегъащIэ политикэмрэ зегъэужьыныжкIи и комитетым и унафэщI Къумал Заурбэч, тхыгъэ тедзапIэм и унафэщI, лъэхэхутэ Котляров Виктор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Гъут Iэдэм, нэгъэущIхэри.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Мас-рестлинг

ПщIэ яIэу къаГъэзэж

Урысейм мас-рестлингымкIэ и чемпионатэ пашэныгъэр къэхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэрэ Санкт-Петербург къалэм щыкIуэ «Биолог» стадион. Мэлыжьхьыбым и 20-м. ЩIыху 200 елIащ.

Судьяхэр: Шишкин (Тамбов), Ежак, Козленко (тIури Сочэ щыщIу).

«**Биолог-Новокубанск**»: Кучейкэ, Ливаднов, Нелюков (Крюков, 46), Пириев, Борисов, Коротков (Моргунов, 46) Тимаков, Кондрамашин, Лысенко (Цогоев, 57), Малыш (Саркисов, 89), Переверзев.

«**Спартак-Налшык**»: Каркаев (Къумыкъу, 46), КIэдыкIуей, Къардэн, Молэмусэ (Даливев, 80), Лелюкаев, Масленников (Торосян, 59), Блий (Мызэущэ, 87), ХьэщIыкIу (Селяев, 59), Хьэшыр, Тобоев, ЛIуп.

Топхэр дагъэкIащ: ЛIупым, 08 (0:1), Малыш, 28 (1:1), Малыш, 40 (2:1), Тобоевым, 72 (2:2), Малыш, 76 - пенальтикIэ (3:2).

Дагъуэ къыхуащIащ: Нелюковым, Лелюкаевым, Борисовым. Къардэным, Ливадновым, Тимаковым, КIэдыкIуейм, Кучейкэ, ЛIупым, Къумыкъым.

Джэгум къыхахуащ: Тобоевыр, 75.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и япэ гупым хэт командхэм ирагъэкIуэкI зэхьэзэхуэхэм я етхуанэ джэгугъуэм ипкъ иткIэ, мэлыжьхьыбым и 20-м «Спартак-Налшыкыр» щыхьэщIащ «Биолог-Новокубанск»-м и деж.

Налшыкдэсхэр здэщыIа Прогресс къуажэр Краснодар крайм щынэхъ цIыкIуэхэм ящыщ. ЦIыхуу щыпсэуэр 1500-рэ иримыкъуу, ауэ абы щхьэкIэ къанэркъым футбол командэ зэщIэкъуа, екIу иIэн. Къэбгъэльагъуэмэ, «Биолог-Новокубанск»-м и тренер «Спартак-Налшык»-м нэхърэ нэхъ лъэщ щIидзащ икIи джэгугъуищым ящыщу тIум щытекIуащ, зэм зы очко кьихьащ.

Абы нэмыщI, хэгъэрейхэр сыт щыгъуи ерыщу кьыптащIэт командхэм ящыщ. Ди зэIущIэхэр гъащIэу, тот куэд зэхудагъэкIыу екIуэкI хабзэщ. Иджырейри абыхэм къакIэрыхуакъым: зэпеуэм и япэ Iыхьэм зэрыщIидзэу, налшыкдэсхэр япэ ищащ. Еянэ дакъикъэм, штрафнойм фIыуэ пэжыжьэу, гъуащхьауэ Тобоев Таймураз топыр игъэуфи, лъащу еуащ. Хэгъэрейхэм я гъащхьэтетым гугъу дехьу абы къыригъэгъэзащ, арщхьэкIэ, псом япэу нэса ЛIуп Исльам топыр щхьэкIэ гъуэм дигъэкIащ.

Iэхэур апхуэдэу куэдрэ екIуэкIакъым. Пэжщ, ди «Спартакыр» хуищIэкъуащ иджыри къызэрыхэжьажьэкIым, арщхьэкIэ, къикIа щыIэкъым. Хэгъэрейхэр зэмэх